



U.S. Citizenship and Immigration Services

Gid sou Demann pou yon egzanpsyon frè pou Fòm I-765 ou a, Aplikasyon pou Pèmi Travay

Kèk aplikan ki ranpli Fòm I-765, Aplikasyon pou yon Pèmi pou Travay, pa oblige peye yon frè. Pa egzanp, pa gen okenn frè pou aplike pou premye pèmi travay pou moun ki pa sitwayen ki gen Fòm I-589 annatant, Aplikasyon pou Azil. Tanpri al gade nan [Tablo Frè USCIS](#) la pou detèmine si yon frè obligatwa pou ranpli ak Fòm I-765 ou a.

Si w oblige peye yon frè pou ranpli fòm I-765, ou kapab elijib pou yon egzanpsyon frè. Si ou ta renmen mande yon egzanpsyon frè, ou dwe ranpli epi depoze Fòm I-912 la, Demann pou Egzanpsyon Frè, ak Fòm I-765. Si ou ap fè yon demand pou egzanpsyon frè, ou pa p kapab soumet okenn petisyon oswa aplikasyon anliy. Men pito, ou ap bezwen ranpli vèsyon papye pou demand egzanpsyon frè a ansanm ak fòm I-765.

- [Fòm I-912](#) disponib sou sitwèb USCIS la
- [Fòm I-765](#) disponib sou sitwèb USCIS la
- Sonje: Adrès kote ou voye Fòm ou an depann de rezon ou fè aplikasyon an ak kategori elijiblite w la te antre nan kesyon 27 sou [Fòm I-765](#) ou. Tanpri tcheke sitwèb USCIS la pou konnen ki kote yo ranpli.

Kisa mwen bezwen pou sipòte demann egzanpsyon frè mwen an?

- Lè w ap ranpli demann pou egzanpsyon frè w la, USCIS ap revize tout prèv ou bay sou sitiyasyon w. USCIS ap anvizaje akòde demann pou egzanpsyon frè w la si, nan moman soumisyon an, ou satisfè omwen youn nan kondisyon sa yo, epi ou kapab bay sipò pou omwen youn nan kondisyon sa yo:
 - Ou menm, mari/madanm ou oswa moun ki nan tèt kay la ki ap viv ak ou, ap resevwa yon avantaj publik ki baze sou mwayen ou;
 - Revni fwaye a egal oswa mwens pase 150% parapò ak Enstriksyon Federal sou Povrete a nan moman ou fè demann lan pou egzanpsyon frè a; oswa
 - Ou ap fè fas ak difikilte finansye nan moman ki anpeche w peye frè pou ranpli a.

Kisa yon Avantaj Piblik ki baze sou Mwayen ye?

Yon Avantaj piblik ki baze sou mwayen pou rezon yon egzanpsyon frè se yon avantaj piblik kote ajans ki bay avantaj la konsidere revni ou ak resous ou pandan l ap detèmine kalifikasyon an. Avantaj piblik ki baze ou mwayen yo kapab jwenn finansman nan nivo federal, eta oswa lokal. An jeneral, si ou resevwa yon avantaj yo ba ou ki baze sou revni ou, nou konsidere li tankou yon avantaj piblik ki baze sou mwayen. Egzanp avantaj ki baze sou mwayen yo gen ladan yo:

- Medicaid;
- Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo te konn rele Koupon pou Achte Manje;
- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwèn (Temporary Assistance to Needy Families, TANF); epi

• Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI), oswa lòt pwogram eta oswa Ou bezwen bay USCIS prèv w ap resevwa avantaj publik sa yo. Egzanp prèv yo gen ladan yo yon lèt, avi, oswa lòt dokiman ofisyèl ki soti nan òganizasyon ki bay avantaj la ki gen enfòmasyon yo mande yo, tankou:

- non moun k ap resevwa avantaj la;
- non ajans ki akòde avantaj publik ki baze sou mwayer an;
- tip avantaj la; epi
- ou ap resevwa avantaj nan moman (pa egzanp, dat yo te bay li, dat ekspirasyon, ak/oswa dat renouvèlman, si disponib.).

Yon kat avantaj pou kont li se pa yon prèv ki akseptab pou yon avantaj ki baze sou mwayer, sof si li genyen enfòmasyon endividiyèl ki enpòtan yo bay pi wo a.

Èske revni fwaye mwen pi ba pase 150% Enstriksyon Federal sou Povrete a?

Ou ka jwenn enfòmasyon detaye sou Enstriksyon Federal sou Povrete a nan www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver. USCIS ap mande w pou fè lis revni w ak revni tout moun ki lakay ou. Ou dwe bay prèv sou revni fwaye ou a, tankou deklarasyon taks oswa souch peman yon mwa pou tout moun nan kay la ki touche yon revni.

Kisa ki ka demonstre Difilikte Finansye?

Si ou pa kapab peye frè aplikasyon an akòz difilikte finansye, tankou chomaj, depans medikal manm fanmi yo, dezas natirèl, degèpisman, sanzabri, oswa lòt sikontans, ou dwe bay USCIS yon deskripsyon detaye sou sitiyasyon finansye ou ak nenpòt prèv ou genyen ki montre ou pa gen mwayer pou peye frè a. Men kèk egzanp prèv yo aksepte pou sipòte deskripsyon detaye ou sou difilikte finansye ou genyen yo:

- etadkont labank,
- souch peman oswa prèv chomaj,
- bòdwo sèvis publik,
- kontra lokasyon,
- fakti medikal,
- prèv lojman enstab oswa sanzabri.

Pou sipòte demann sa a, ou kapab genyen tou yon sèman yon moun nan kominate w la ki ka dekri sitiyasyon finansye ou genyen kounye a, tankou yon reprezantan yon enstitisyon reliye, yon òganizasyon san bi likratif, yon ajans lokal oswa yon ajans eta, yon òganizasyon kominotè, oswa yon founisè abri pou sanzabri. Afidavi sa ta dwe siyen epi gen dat.

Si ou pèdi prèv akòz yon krim, ensandi, dezas natirèl, oswa lòt sitiyasyon ki pa t atann, ou ta dwe bay rapò lapolis, reklamasyon asirans, oswa nenpòt lòt prèv ki disponib.

Plis Enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon sou depoze yon demann pou egzansyon frè, tanpri gade paj [Fòm I-912](#) la ak enstriksyon sou fòm yo ak paj nou an sou demann [pou yon egzansyon frè](#).

Pou plis enfòmasyon sou ki moun ki oblige aplike pou otorizasyon travay ak sou frè a dispans, gade enstriksyon yo nan [Fòm I-765](#).